

**КÆСТÆР ХУАРЗ КУ ФÆУУЙ, УÆД ИМÆ ХЕСТÆРТÆ ДÆР ÆРИГЪОСУНЦÆ!..**

***Финсæг БИЦЪОТИ Гриши (1932-2014) имисуйнæгтæй: «Кустгъон адæм байзадæнцæ тугъди будурти, æма гъæйт-зæгъæ лæгти бунати æрлæууун багъудæй, нерæнгæ сæ гъазæнмондæгтæ ка нæма исуагъта, уæхæн æнагъон сабийти... Уæди скъоладзаутæ нæ зудтонцæ, каникултæ ци 'нцæ, уой. Хестæр адæми æмрæнгъæ цудæнцæ будурмæ. Кодтонцæ алли куститæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№39 (778) 2020 анзи 9 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


**НИСАНГОНД ÆРЦУДÆЙ**



## ÆНТÆСТГИН УО, БАТРАЗ!..

***Цæгат Иристони æрдзон фæрæзнитæ æма экологий министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæгæй нисангонд æрцудæй ХИДИРТИ Батраз. Уой фæдбæл сæрмагонд Указ бафинста Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæг БИТАРТИ Вячеслав 2020 анзи 7 декабри.***

Еци бон министради ци æмбурд адтæй, уоми нæ республики Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз** коллективи иуонгти базонгæ кодта ведомстви нæуæг разамонæги хæццæ.

Хидирти Алихани фурт Батраз райгурдæй Ирæфи райони Лескени гъæуи. Каст фæцæй Краснодари политехникон институт æма си райста инженер-технологи дæсниадæ. Куста берæ бæрнон бунætти, уой хæццæ – аллихузон кустадон æма акционерон æхсæнæдти разамонæгæй. 2018-2020 æнзти адтæй Ирæфи райони муниципалон искони сæргълæуууæг.

Зæрдиагæй дин, Батраз, арфæ кæнæн дæ нæуæг бæрнон кусти фæдбæл. Агъазиау æнтæстдзийнæдтæй си баскъуæлхæ!.. Æнæмæнгæ уотæ ке уодзæнæй, е ба ни федарæй æруагæс кæнуй – нури уæнгæ кæмидæриддæр кустай, уоми дæ фæллойнæ фарнæхæссæг адтæй æма идарддæр дæр уотæ уæд!

***Газет «Дигори» редакций коллектив***

# ФУДРУНИ АДЗАЛÆЙ ДÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНÆ ÆМА СИ ÆДАС УОДЗÆНÆ!..



Карл Брюллови кондхуызæ «Помпейи фæстаг бон».

Аци хузæ уин, æвæдзи, зундгонд æй, уæдта 'й зондзинайтæ, номдзуд уруссаг хузæгæнæг Карл Брюллов (1799-1852) æй цæй фæдбæл искодта, уой дæр. Цæветтонгæ, рагон дзаманти (нæ эри райдайæни 70-аг æнзти) вулкан Везувий уоййасæбæл тухгинæй исрæдувта, æма æнæгъæнæй дæр бабун кодта, минкъий еуварсдæр си ци сахар Помпейæ адтæй, уой. Уой размæ, цума сæ æрцæуйнаг тасдзийнадæй бафæдзæхсуйнаг адтæй, уотæ зæнхæ базмæлидæ, хæдзæрттæй кæцидæртæ никкалдæнцæ. Сахари цæргутæй кадæртæ уордигæй фæлледзæги 'нцæ, фал сæ фулдæр ба зæнхи еци æзмæлдтитæ уоййасæбæл нецæмæ æрдардтонцæ. Æма – дæ балгъетæг уотæ!.. Бунисæфт фæцæнцæ...

Аци хабар цæмæ гæсгæ æримистан? Абони еу сахари цæргутæн нæ, фал æнæгъæнæ дуйней дзиллитæн фудруни адзал хæссуй нури доги Везувий – коронавирус. Æ фидбилизæй адæм цæгъдуни кæнунцæ – сæдæгай минтæй.

### ТÆРСУН НЕКЕ КÆНÆН, ФАЛ УÆДДÆР...

Гъулæггагæн, куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони адæм дæр си еуварс нæ 'нцæ. Уой уæхуæдтæ дæр уинетæ, уæдта уой дæр зонетæ нæ бæсти разамунд цæйбæрцæбæл берæ гъæугæ мадзæлттæ аразунцæ, еци незი нихмæ æма æ æверхъаудзийнæдтæй адæми багъæуай кæнунæн. Е лæдæрд æй, фал æгириддæр лæдæрд ба нæй е, æма нæхуæдтæ цæйбæрцæбæл æбæрнон ан, цæйбæрцæбæл цийфæнди цæстингасæй кæсæн уавæри тæссагдзийнадæмæ. Еци дзорæги фæдзæхст цæуй, цæмæй ни алкедæр æнæмæнгæ пайда кæна хе багъæуай кæнуни фæрæзнитæй: маскитæ дæр æма къохæрходтæ дарун, уæлдайдæр ба, берæ адæм кæми бамбурд унцæ, уæхæн рауæнти, уæдта дзиллон мадзæлттæмæ дæр, куд гæнæн æма амал ес, уотæ минкъийдæр адæм æмбурд кæнун... Æма? Æркæсайтæ. Нæхе куд дарæн, уомæ. Æхсæнадон транспорти ци берæ цæугутæ фæууй, уонæй кæд еу кенæ дууæ – æртебæл уа маскитæ, æндæр некæбæл. Уотæ тукæнтти дæр...

3


**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 357 СОМИ ÆМА 36 КЪАПЕККИ;
УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 315 СОМИ ÆМА 90 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

***Рагон бердзенаг философ æхсæвигон кастæй стъалутæй идзаг арвмæ. Цæугæ-цæугæй æ къах цæбæлдæр искъуæрдта æма къагъди нихххаудтæй. Адæм ибæл худтæнцæ: «Дæ къæхти буни ци ес, уой нæ уинис, уотемæй ба дæ арви сосæгдзийнæдтæ базонун фæндуй!..»***



# ХУМГÆНДÆ Æ ХУАРЗ ТИЛЛÆГÆРЗАДÆЙ РАБÆРÆГ УЙ...

## Цæгат Иристони æнтæстгинæй æнхæстгонд цæунцæ Национ проект «Ахурадæ»-мæ гæсгæ нисангонд бæлвурд мадзæлттæ.

**Национ проект «Ахурадæ» Цæгат Иристони æнхæстгонд куд цæуй, циуавæр хатдзæгтæ си ес искæнæн, уобæл дзубанди рауадæй, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар ТУСКЪАТИ Таймораз ци æмбурд амудта, уоми. Видеобастдзийнади фæрци си архайдтонцæ Ахурадæ æма науки министради, Фæсевæди гъуддæгути туххæй комитети, æхсæнадон организацити æма Парламенти минæвæрттæ.**

**Æмбурд байгон кæнгæй, Тускъати Таймораз бафеппайдта, национ проект «Ахурадæ»-йи ахедундзийнадæ, царди æй рауадзгæй зингæ фæххуæздæр уодзæнæнцæ ахурадон косæндæнтти скъоладзаути æма уæлæнхасæн ахуради гъомбæлгæнуйнæгти зонундзийнæдтæ æма арæхстдзийнæдтæ.**



НАЦИОН проект «Ахуради» гæнæнтæ фадуат дæттунцæ къабази размæцудæн æма ирæзтæн. Нуртæккæ экономикæ æма социалон къабазæ домунцæ бæрзонд зонундзийнæдтæ, арæхстдзийнæдтæ. Уонæн бунат искодтонцæ ахуради. Национ проектти ахурдзаути зонундзийнæдтæ фæфффулдæр кæнунæн цидæриддæр мадзæлттæ ес, уонæй мах гъæуама испайда кæнæн», – фæббæрæг кодта Хецауади сæрдар.

Æ дзубандимæ гæсгæ, национ проект царди рауадзун æй федералон æма регионалон æнхæстгæнæг хецауади ихæс, уонæй уæлдай ба – æхсæнадон организацити архайд дæр æй ахсгиаг. Регионалон проект «Нуриккон скъола» Цæгат Иристони куд æнхæстгонд цæуй, уой туххæй радзурдта ахурадæ æма науки министр Людмилæ БАШАРИНА. Куд балæдæрун кодта, уотемæй проекти сæйраг нисан æй ахурадæмæ нæуæг мадзæлттæ бахæссун. Аци анз национ проекти æхсæз дæлхайадемæн радех кодтонцæ 1208, 93 миллион соми, уонæй федералон бюджетæй – 1108, 1 миллион соми, республикон бюджетæй – 28,83 миллион соми.

Ахурадон объекттæ исаразунæн æма спортивон залтæ исцалцæг кæнунбæл харзгонд æрцудæй 901, 54 миллион соми. Ефтонггæрзтæ æма ахургæнæн фæрæзнитæбæл ба – 307,39 миллион соми. Се ʼнæнездзийнади уавæрмæ гæсгæ сæ равналæнтæ цубур кæмæн æнцæ, еци сувæллæнттæн скъолати конд цæунцæ фадуæттæ. Мæздæги еумæйагахурадон скъола-интернати материалон-техникон фадуæттæ фæннæуæгдæр кæнунæн радех кодтонцæ 7815,05 мин соми. Æрмадзитæ «Хуйуни гъуддаг», «Аййевадон исфæлдистадæ», «Къахидарæс хуйуни гъуддаг» æма æндæртæн балхæдтонцæ гъæугæ ефтонггæрзтæ.

Ахурдзаутæмæ нуриккон технологон æма гуманитарон арæхстдзийнæдтæ исфедар кæнуни тухххæй Дзæуæгигъæуи æма районти фæззиндтæнцæ «Ирæзти тæлмитæ». Аци анз си байгон кодтонцæ 42 центри. Æнхæст æнцæ технологон предметти ефтонггæрзтæй, квадрокоптертæй, шахмæттæй æма æндæр дзаумауæй. Национ проект «Ахурадæ»-йи фæрци фæззиндтæй нæуæг скъолатæ Дзæуæгигъæуи, Мæздæги, тагъд байгон уодзæнæнцæ Цæликки, Хъизлари, Черменигъæуи. Уæлдай æргом Людмилæ Башарина раздахта регионалон проект «Алли сувæллони æнтæстдзийнадæ»-мæ. Уой фæрци ма аци анз Мæздæги байгон æй сувæллæнтти технопарк «Кванториум», нæуæг ахури анзæй фæстæмæ æ куст кæнуй, ахур си кæнунцæ 440 сувæллони.

Мæздæги технопарк «Кванториум»-и разамонæг Марат Джахаеви дзубандимæ гæсгæ, аци нуриккон технопарки исарæзт хуарзæрдæмæ фæззиндтæй районбæл. «Наукæ æма нуриккон технологон зонундзийнæдтæ райсунæн, ирæзтæн си еугур фадуæттæ дæр ес. Сувæллæнттæ нæмæ æхцæуæнæй ахур кæнунцæ», – радзурдта директор. Аци анз ма республикон физико-математикон лицей-интернати дæр байгон æй технопарк «Кванториум». Алцæмæй дæр æй ефтонггонд.

Æмбурди архайгутæ, национ проект «Ахурадæ» Цæгат Иристони куд æнхæстгонд цæуй, уой тухххæй хатдзæгтæ кæнгæй куд бафеппайдтонцæ, уотемæй размæ рацудæй хуарз цæттæгонд, бæрзонд квалификаций хæццæ педагоги косгути нæхъæртондзийнади фарста. Уобæл гъæуй бакосун. Регионалон проект «Социалон сæрæндзийнадæ» куд æнхæстгонд цæуй, уой тухххæй радзурдта фæсевæди гъуддæгути комитети сæрдар Джусойти Руслан. Баст æй фæлтæрддзийнадæ амонуни хæццæ, æхсæнадон хъæппæрестæ æма проекттæн агъаз кæнуни хæццæ, сувæллæнттæ æма фæсевæди ʼхсæн курдиæттæ раргом æма син агъаз кæнуни хæццæ.

Барвæндонæй агъазгæнгутæ нури уæнгæ сæхе равдистонцæ нæуæг коронавирусон хуæцгæнези нихмæ тохи бацæугæй. Æригæнттæ агъаз кодтонцæ дохиртæн сæйгæдæнтти, агъазгъæуагæ адæмæн сæ хæдзæрттæмæ ластонцæ хуйраг. Национ проект «Ахурадæ» нæ республики куд æнхæстгонд цæуй, уой тухххæй сæ гъудитæ загътонцæ депутаттæ Тохъайти Нох, Токати Людмилæ, Еленæ Князева, Æхсæнадон палати сæрдар Нинæ Чиплакова æма Адæмон фронти цæгатиристойнаг хайади сæрдар Гæлити Клим.

# КÆСАЛГÆ ЦАЛДÆНГИ ДОНИ ФАДА, УÆДМÆ ДÆУ НÆЙ...

## Нæ республики парахаттæй арæзт цæунцæ еугур гъæугæ равгитæ дæр, цæмæй ирæзгæ фæлтæртæн уа фадуæттæ наукæ æма техники нуриккон агъазиау фадуæттæй æнхæстæй пайда кæнунæн.



**Дигорай 3-аг скъолай кадгин уавæри мобилон технопарк «Кванториум» ке байгон æй, уой кадæн арæзт кадгин æмбурди архайдтонцæ Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министри хуæдæййевæг АЛИККАТИ Алан, Дигори райони сæргълæууæг ЕЗЕТИ Алан, муниципалон еугонд Дигори райони бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг ХЪОДЗАСТИ Маркслен æма æндæртæ.**

– ЦÆГАТ Иристони фиццаг мобилон технопарк «Кванториум» ке байгон æй, уой фæдбæл уин арфæ кæнун. Цæгат Иристони Сæргълæууæг Битарти Вячеслав æма республики Хецауадæ уæлæнхасæн ахуради системи ирæзтмæ æма техникон исфæлдистади архайунæн фадуæттæ исаразуни гъуддагмæ устур æргом æрздахунцæ. Фæстаг дууæ анзей дæргъи Дзæуæгигъæуй æма Мæздæги байгон æнцæ сувæллæнтти технопарктæ «Кванториум», Космонавтики скъола æнæкъулумпийæй косуй, гъæуун скъолати арæзт æрцудæй центртæ «Ирæзти тæлмитæ». Наукæ æма техники ирæзти нуриккон къабæзтæ равзарунæн ирæзгæ фæлтæрæн ес агъазиау уавæртæ. Мобилон технопарки фæрци гъæуккаг сувæллæнттæн уодзæнæй нуриккон ефтонггæрзти хæццæ базонгæ ун æма хуæрзгъæдæ ахурадæ райсуни фадуат, – загъта Аликкай-фурт.

Мобилон «Кванториум»-мæ хаунцæ виртуалон уавæрти косунæн ефтонггæрзтæ, 3D-принтертæ, лазерон гравер, æмбурдгæнæн æма æндадзæн тæлмæ, робототехникон косæнгæрзтæ æма æндæртæ. Кадгин æмбурди фæсте мобилон «Кванториум»-и зундамонгутæ Дигорай 3-аг скъолай ахурдзаутæн амудтонцæ мастер-класстæ.

– Скъоладзаутæн мастер-класстæ бацæттæ кодтан. Ахурадæ райсунæн сувæллæнттæ дехгонд æнцæ æртæ къуаребæл. Зæгъæн, скъоладзаутæн уодзæнæй виртуалон уавæрти згъæр ходи косуни, квадрокоптертæ искосун кæнуни, роботтæ бацæттæ кæнун æма хузтæ кæнуни фадуат, – зæгъуй «Кванториум»-и разамонæг Алексей Котец.

Айдагъ Дигори нæ, фал Алагири, Æрæдони æма Ирæфи районти скъоладзаутæн дæр уодзæнæй «Кванториум»-и фæрци ахурадæ комкоммæ æма изолдæрмæ рахæссуни фадуат. «Кванториум»-и зундамонгутæ косдзæнæнцæ айдагъ сувæллæнтти хæццæ нæ, фал ахургæнгути хæццæ дæр.

...Нæ фидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Кæсалгæ цалдæнги дони фада, уæдмæ дæу нæй...» Аци курухон гъудимæ гæсгæ уой зæгъуйнаг ан, æма нури доги ахуради гъуддаг цæмæй æнтæстгиндæрæй ирæза, уомæн агъазæн фæззиндтæй берæ нуриккон раззагдæр наукон æма техникон фæрæзнитæ. Æма си цæмæй æнхæстæй пайдагонд цæуа, уой тухххæй ба бæлвурд куст цæуй нæ республики дæр. Уомæн æвдесæн, мæнæ уæлдæр ци цаути кой ракодтан, етæ дæр æма ма никки æндæр нæуæгдзийнæдтæ, кæцитæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ нæ ахургæнæндæнтти.

***Æрмæгутæ цæттæгонд æрцудæнцæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ игъосункæнуйнæгтæмæ гæсгæ.***

**Нæ номдзуд æмзæнхон, Намуси ордени æнхæст кавалер Виктор Михаили фурт Коняеви райгурдбæл 10 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1925-2016).**

# ФУДРУНИ АДЗАЛÆЙ ДÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНÆ ÆМА СИ ÆДАС УОДЗÆНÆ!..




Мадта мæрдæгъдауи рæстæг ци берæ адæм æрæмбурд уй, уонæй дæр ефстæгтæбæл фæууиндзæнæ маскитæ. Уойбæрцæ адæми ’хсæн ба, коронавирус кæмæ разиндзæнæй, уæхæнттæ дæр куд нæ уодзæнæй.

Е дин еу бæлах. Иннæ бæлах ба е æй, æма уавæрмæ карз цæстдардæй ихæсгин ка ’й, етæ кæми ’нцæ. Нæ уацхæсгутæ сæрмагондæй цалдæр бони маршрутон таксити цудæнцæ, устур тукæнттæ бабæрæг кæниуонцæ æма... Санитарон эпидемиологон домæнти ихæлдтитæ – гъæуй дæр ма дæ! Цæстдаргутæй некæд некæбæл исæмбалдæнцæ. Гъе ба дин карантин æма «бæрнон косгути» бæрнондзийнадæ.

### ТÆССАГ НЕЗИ НИХМÆ АРХАЙД ЦÆУЙ ЕУГУР МАДЗÆЛТТÆЙ ДÆР...

Кадæртæ уотæ ракæниуонцæ, гъома, хецауадæ ба кумæ кæсуй. Æма хецауадæ гъæуама дæ фæдбæл зелонцæ æма дин дæ цæсгонбæл маскæ бакæнонцæ?!. Дæхе сæр ба уой нæ ахæссуй. Æма фудруни адзалæй дæхуæдæг дæхе куд багъæуай кæнай, уотæ æдас си уодзæнæ. Æма уæд зингæ ахедгæдæрæй фæррæстмæ уодзæнæнцæ, хецауади ’рдигæй ци берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт цæунцæ, етæ дæр. Арæзт ци мадзæлттæ цæуй æма ма ци исаразун гъæуй, уой фæдбæл ба бæлвурдæй æрдзубанди кæнунцæ коронавируси инфекций нихмæ гæрæнтæ æвæруни фæдбæл республикон оперативон штаби еудадзугон æмбурдти.

Æрæги ин ци æмбурд адтæй, уоми сæрдареуæг кодта нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**. Уоми Рахесфарси Центрон сæйгæдони сæйраг дохтир Æлбегати Батрази радзубанди адтæй, райони медицинон косгути нæуæг незæфтауæги нихмæ куд архайунцæ, уой фæдбæл. Фегъосун кодта хуарз хабар: рæхги сæмæ стационарон хайади исæвæрдзæнæнцæ нæуæг компьютерон томограф:

– Нуртæккæ цалцæггонд цæуй, еци ахсгиаг медицинон техникæ кæми исæвæрдзæнæнцæ, еци бунат. Нури уæнгæ æнхæстгонд цæунцæ гъæугæ инженерон куститæ дæр.

Куд зонæн, уотемæй фæстаг рæстæг хуæздæр кæнуй фицдаг къæпхæни медицинон агъази косæндæнтти техникон ефтонггадæ. Уотæ æрæги компьютерон томограф фæззиндтæй Æрæдони райони Центрон сæйгæдони. Нур ба уæхæн аппарат исæвæрдзæнæнцæ Рахесфарси райони Центрон сæйгæдони дæр. Еци техникæ балхæнунæн фæрæзнитæ радех кодтонцæ регионалон бюджетæй. Уой хæццæ профилон ведомстви минæвæртти дзубандимæ гæсгæ, тагъд рæстæг компьютерон томографи искæнæн уодзæнæй Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиники дæр.

Оперативон штаби архайгутæ æркастæнцæ æндæр фарстатæмæ дæр. Уотæ, видеоконференций бастдзийнади фæрци республики иннæ медицинон косæндæнтти сæйраг дохтиртæ дæр радзурдтонцæ сæ аллибони архайди туххæй. Уой хæццæ, специалисттæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй, уавæр кæд вазуггин æй, уæддæр æ банивæбæл кæнунæн еугур гъæугæ мадзæлттæ арæзт цæунцæ. Еумæ райсгæй сæйгæдæнттæ æма поликлиникитæ хъæртунцæ сæйгитæн берæвæрсуг медицинон агъаз бакæнунбæл.

Æмбурди архайгутæ сæрмагондæй æрдзурдтонцæ, республики гъæуон районти нуртæккæ ци фельдшерон-акушерон пункттæ арæзунцæ, уони цæттæдзийнадæбæл дæр. Битарти Вячеслави дзубандимæ гæсгæ, еци ахсгиаг социалон объекттæ гъæуама байгон уонцæ нисангонд æмгъудтæмæ. Республики разамонæг районти сæйгæдæнтти сæйраг дохтиртæн байхæс кодта, цæмæй уони ’рдигæй дæр аци фарстамæ уа аллибони цæстæдард.

Куд зонæн, уотемæй фицдаг къæпхæни медицинон-санитарон агъази системи гъомус фæббæрзонддæр кæнунæн регионалон программи фæлгæти 2020 анзи Цæгат Иристони исараздзæнæнцæ 36 фельдшерон æма фельдшерон-акушерон пункти.

Нур ба цубурæй, ковиди фудæй абони нæ республики санитарон-эпидемиологон уавæр куд æй, уой туххæй. Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæрттæн нæ республики æнæнездзийнади министри хуæдæйевæг **Томайти Тамарæ** куд фегъосун кодта, уотемæй, кæд æма нези нихмæ еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр æнæрхæцгæй æнхæстгонд цæунцæ, уæддæр ковиди уацари бахауæг адæми бæрцæ фулдæр кæнунцæ.

«Роспотребнадзор»-и оперативон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ 8 декабрмæ Иристони коронавирусæй сæйгити еумæйаг нимæдзæ æй 10012 адæймаги. Фæстаг сутки дæргъи ма никкидæр исбæрæг кодтан, ковид кæмæ разиндтæй, уæхæн 83 адæймаги, Республики сæйгæдæнтти сæхе дзæбæх кæнунцæ 1395 адæймаги. Уонæй – 120 æнцæ реанимацийи, 40 адæймаги ба бафтудтонцæ уолæфæн аппараттæмæ.

### ФИДБИЛИЗХÆССÆГ УАВÆРТИ УСТУРЗÆРДÆ МА УОТÆ!..

Гъулæггагæн, уавæр хуæздæр нæ кæнуй, æма æнæнездзийнади косгутæ корунцæ Иристони цæргутæй, цæмæй æнхæст кæнонцæ санитарон домæнтæ: маскитæ дарун æма антисептиктæй пайда кæнуни мадзæлттæ. Гæнæн æма амалæй минкъийдæр цæун, берæ адæм кæми фæууй, уæхæн бунæттæмæ. Хæстæгдæр рæстæг нæ республикæмæ æрвист æрцæудзæнæй вакцинæ ковиди нихмæ. Мæйи размæ вакцини еу фæлтæр æрбарвистонцæ, æма 42 адæймаги привикитæ искодтонцæ. Абони уæнгæ се ’нæнездзийнади уавæр æй нивæбæл, зæрдæдзоруйнаг нæ ’нцæ. Адæми зæрдæбæл лæууун кæнæн: коронавируси нихмæ вакцинаций куст цæуй Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиники.

– Корæн адæмæй: æнæ дохтирти амундæй хе дзæбæх кæнуни мадзæлттæй ма пайда кæнетæ, – загъта Томайти Тамарæ. – Æнæмæнгæ, фæдздзорун гъæуй дохтирмæ, е ци хуастæ рафинса, уомæй уæлдай æндæртæй пайда кæнæн нæйййес. Аци къуæрей кæрони республикæ райсдзæнæй 400 дози, вакцинæ, æма привикæ искæнæн уодзæнæй зæрди, онкологон æма тогдадзинтти нездзæй ка нæ сæйуй, еци адæмæн. Прививкитæ кæндзæнæнцæ сахари иннæ поликлиникити дæр.

***

Уотæ маке бангъæлæд, æма нæ аци финститæй кедæр тæрсун кæнæн. Фал уой зæгъуйнаг ба ан, æма уавæр бæлвурдæй ка зонуй æ профессионалон цæттæдзийнадæмæ гæсгæ, уони амунддзийнадтæ æма фæдзæхститæмæ ба гъæуй æригъосун æма балæдæрун: фидбилизæй дæ багъæуай кæнунбæл ка тухсуй, е дин дæ хуарзæн архайуй æма устурзæрдæ ма уо, гъома, неци мин уодзæнæй. Уæ зæрдæбæл уин æрлæууун кæндзинан нæ номдзуд Санати Семи зундамундтитæй еу.

*Цæветтонгæ, кæддæр еу аргъауæнмæ бацудæй. Аргъауæн адæмæй æ тæккæ идзаг адтæй. Сем загъта:*

*– Аци аргъауæн никкæлдзæнæй æма исæфдзинайтæ.*

*Адæм ин загътонцæ:*

*– Аци лæг сайди фæцæй, цитæ дзоруй?..*

*Сем нецибал загъта, рацудæй уордигæй... Цанæбæрæг рацудæй, æма аргъауæн нитътъæнг ласта æма никкалдæй. Ци адæм си адтæй, етæ бабун нцæ...*

Бакастайтæ? Мадта сагъæс кæнетæ...

**_БИЧИЛТИ Алетæ_**

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Номдзуд америкаг финсæг Твенæй æ хуарз хæлар æфстау райста устур æхцатæ уæхæн дзурди хæццæ: мæйæмæ дин сæ бафеддзæнæн, кæд ма æгас уон, уæд.*

*Мæйæ рацудæй, æфстау райсæг ба нæ зиннуй. Уæд Марк Твен еу газети ку ниммухур кæнидæ уацхъуд: «Мæ еугур æмбæлттæн дæр гъигæ зæрдæй игъосун кæнун, æзинæ Гарри Дункан ке рамардæй, уой. 500 доллæри ми ихæс дардта, мæйи æмгъудмæ сæ бафеддзæнæн, кæд нæ рамæлон, уæд, зæгъгæ, уæхæн дзурдæй. Фал ин нæ бантæстæй ме ’хцатæ мин раздахун».*

*«Мард» уайсахат райгас æй, æма Твенбæл е ’хцатæ исæмбалдæнцæ.*

– Марк Твен бæргæ иссирдта мадзал е ’хцатæбæл фæстæмæ фæхххуæст унæн, фал нур мах ба, Уæрæсей хумæтæг адæм ци æргъуди кæнæн, нæ еумæйаг фæллойнæй ци бæркæдтæ бамбурд кодтан еумæйаг хуардонæмæ, уонæбæл æдзæсгонæй ка фæххæлæф кодта æма нерæнгæ дæр ма хæлæф кæнунцæ, етæ цæмæй фæстæмæ уордæмæ раздахонцæ, цидæриддæр фæддавтонцæ, уони?.. Кедæрти ахæсгæ дæр бæргæ ракæнунцæ, фал... Еуемæй, сæ давæггаг мулкитæ син нæ байсунцæ паддзахади пайдайæн, иннемæй ба сæ хъæбæр цубур рæстæгмæ исуæгъдæ кæнунцæ. Æма сæ давд мулкитæй идардæр æлдæртти цард кæнунцæ...



**Сергей ВОСТРЕЦОВ, Паддзахадон думи депутат: «Мæнæн мæ нана алкæддæр фунхта басæ сторвонси æстæгутæй. Цæмæй ни америкæгтæ рауайа, е нæ ку нæ фæндуй...»**

– Æ аци загъдæй нæ депутат, æвæдзи, уой зæгъуйнаг æй, æма адæмæн уотид æстæгутæй басæ дæр фагæ ’й, уæдта син пайда дæр – æгæр нæ иснард уодзæнæнцæ. Æма уæд еци æстæгути фид ба кæмæн? Æвæдзи, бонгинтæн? Баругæс уи уæд, мæгур адæмæн дæр уоййасæбæл неци уидæ дзæбæх фидæй исахуадун. Сæ губунтæ син, гъай-гъайдæр, нæ фæрресун кæндзæнæй дзæбæх фезонæг кенæ туйра...



**Эдуард ИСАКОВ, Федераций Советi иуонг: «Хъæбæр ахсгиаг æй Уæрæсей Федераций субъектти уодон-хуæрзуагон граждайнаг патриотон гъомбæлади уавæр æма ахедундзийнади рейтинг исаразун...»**

– Уогæ ба нæмæ алцæй фæдбæл дæр рейтингтæ арæзунмæ цæйбæрцæбæл тулаваст æнцæ, уæлдайдæр ба нæ политиктæ. Æма, зæгъæн, спорти (нæкæси, аци сенатор æй спорти æхсæнадæмон къласи мастер пауэрлифтингæй) цидæр хузти рейтингти исаразун æнгъезуй очкотæ-рекордтæмæ кенæ уæлахезтæмæ гæсгæ. Фал уодварнон гъомбæлади ахедундзийнадæ ба циуавæр барæнтæй исбарæн ес? Уæдта регионти «бæрзонди бадгутæй» фæсарæнти ке цæуæт æрцардæнцæ сæ зæрдидзæбæхæн, уони патриотон гъомбæладæ ба куд баргæ ’й?



**Вадим ДЕНЬГИН, Паддзахадон думи депутат: «Адæм нæмæ уоййасæбæл мæстæлгъæ цæмæн æнцæ, уоййасæбæл илгъгæнгæ зæрдихаттæй цæмæн кæсунцæ сæ кæрæдземæ? Гъе уой фудæй æй, æма нæмæ пропаганди министрадæ ке нæйес...»**

– Адæм уоййасæбæл мæстæйдзаг цæмæн æнцæ, уой фæдбæл номдзуд уруссаг финсæг Антон Чехов кæддæр уотæ загъта: «Адæм цæмæй гурумухъ æма æнæгъдау уонцæ, уомæн син агъаз кæнунцæ чиновниктæ сæхуæдтæ, уæлдайдæр сæ листæгутæ: нецæмæ дарунцæ сауæнгæ гъæуихсæуутти æма дингæнгути хестæрти дæр. Мадта закъонтæ сæхуæдтæ дæр музухъæгти фонси бунати æвæрунцæ...» Уомæ гæсгæ ба нури цардарæзти æнæрастдзийнадтæ дæр еуварсгонд ку æрцæуонцæ, уæд, баругæс уи уæд, еунæг пропаганди министрадæ дæр некæми багъæудзæнæй – уотемæй дæр дзилли удигъæдæ берæ фæррайдзастдæр уодзæнæй...

***Цирки архайæг, Цæгат Иристони æскъуæлхт артист Хъанухъти Морат: «Мæ сабийдогæй фæстæмæ гъуди кæнун Туйгъанти Дзерасси. Фулдæр мæ фидæ Махарбеги фæрци – е Туйгъанти бæхбæлбадгути къуари фæййархайдта æ цæргæ-цæрæнбонти...***

# Æ ФИДИ ФАРНÆ ÆХЕ ФАРНÆЙ БÆРКАДГИНДÆР КОДТА ...

***Мæскуйæй нæмæ исигъустæй уæззау хабар – æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй нæ фидибæстон цирки номдзуд архайæг, Уæрæсей адæмон артисткæ (1980) æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ (1964) Туйгъанти Михали кизгæ Дзерассæ. Фарæ ибæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи. Æма уой фæдбæл нæ газети ниммухур кодтан устур æрмæг, фæййарфитæ ин кодтан... Уой æнгъæл ка адтæй, анз рацæудзæнæй æма еци дессаги райдзаст силгоймагæн «рохсаг уо...» зæгъун багъæудзæнæй... Æма хъонцгæнгæй ин абони ерæн æ рохс ном, мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уомæй...***

***

***Советон цирки номдзуд архайæг Туйгъанти Михал æмæ æ цардæмбал, цирки игъустгонд артисткæ Нинæн (æ кизгон муггаг – Никитас) ци агъазиау исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдтæ бантæстæй, уони исонибонбæл куд нæ сагъæс кодтайуонцæ, куд нæ тухстайуонцæ, сæ гъуддаг син идарддæр ка хъæртун кæндзæнæй, уобæл.***

***Уомæ гæсгæ ба фуртмæ куд нæ бæлдайуонцæ... Фал син нæ Исфæлдесæг ба исаккаг кодта дууæ кизги. Уонæй алкæбæлдæр куд нæ цийнæ кодтайуонцæ. Гъо, фуртæй сæ Исфæлдесæг кæд нæ фæххайгин кодта, уæддæр сæ кæстæри хуарзæй ба æнхæстæй фæййамондгун кодта, дууæ ниййерæгемæн заманай фадуат равардта сæ сагъæсти сæйраг нисанеуæг цæмæй исæцæг уа, уомæн. Кæд фуртмæ бæлдтæй, уæддæр син кизгæ ку фæззиндтæй, уæд Михали зæрдæ æгириддæр нæ фæссастæй. Æ кизгуттæй ин, цæмæдæр гæсгæ, адтæй устур нифс. Уæлдайдæр ба – кæстæрæй. Хумæтæги ин нæ равардтонцæ Нарти цитгиндæр силгоймаги ном – Дзерассæ, е Нартæн адтæй сæ Устур мадæ, цардæттæг мадæ.***

***Михали æ зæрдæ нæ фæссайдта – æ цард ци гъуддагæн иснивонд кодта, æма уойбæрцæ берæ æнзти дæргъи кæмæн фæллæггадæ кодта, уой æ кизгæ Дзерассæ æхемæ райста, æма ’й еци æнтæстгинæй идарддæр æнхæст кæнун байдæдта. Æма ин æнтæсгæ дæр берæ бакодта. Цирки бæхтæбæл джикитовкæмæ ци нæуæгдзийнæдтæ бахаста æма еци аййевадæ бæрзондæй-бæрзонддæртæмæ ке исиста, е æруагæс кодта дуйней еугур рауæнти дæр. Адтæй ин устур кадæ, хонгæ дæр æй кодтонцæ «Цирки уосæ – паддзах». Уой фæдбæл æй нæ абони дзубанди дæр...***

## «Дзерæ, бæхбæл рабадай... Дæ фиди кизгæ нæ дæ?»

Дзерассæн æ карнæ нæ Исфæлдесæг уотæ исбæлдат кодта, æма æ фиди кади туруса æхемæ райсгæй æй идарддæр еци цитгинæй куд хастайдæ. Цирк уарзун æма уоми зин хъиамæттæ æновудæй бауарзун, æвæдзи, æ тоги адтæй. Дзерассæ æхуæдæг фæстæдæр, «Иристон», зæгъгæ, ци къуар исаразта, уой еудадзугондæр архайгутæй еу (æхсæз æма инсæй анзи си фæккуста) нæ республики æскъуæлхт артист Дзапарти Морат уотæ дзурдта:

– Æнæ уотæ уæн дæр ин, æвæдзи, нæ адтæй. Дзерассæ æ сувæллони бонтæй фæстæмæ исгъомбæл æй цирки. Еумæ ку бадианæ æма ку дзубандитæ кæнианæ, уæд берæ дессаги цаутæ æма хабæрттæ æримисидæ раздæриккон цирки цардæй. Еухатт ба мин ракодта мæнæ ауæхæн хабар: «Минкъий ма ку адтæн, уæд, ахид куд уидæ, уотæ бабæй мæ мæ мадæ æ хæццæ циркмæ репетицимæ æрбакодта. Уæд мæ фидæмæ ци бæхтæ адтæй, уонæй еу адтæй хъæбæр фудаг, æ ном дæр, куд фæззæгъунцæ, æхебæл – «Бандит». Е, дан, æхебæл саргъ исæвæрун нæ, фал бацæун дæр, мæ фидæй уæлдай неке уагъта. Æз куддæртæй фæдздзæгъæл дæн цирки берæ къумти æма бафтудтæн бæхдонæмæ. Цудайдæ мæбæл уæд, æвæдзи, еу-цуппар анзей бæрцæ. Мæ мадæ ма уой фæсте дæр ахид æримисидæ еци цау, кæун, дан, байдæдтон, агорæн дæ æнæгъæнæ цирки, фал дæ нæбал ирдтан. Уæдмæ мæ фидæ, дан, агорæг бæхдонæмæ бауадæй, æз дæр – æ фæсте. Кæсæн æма «Бандит»-и къæхти буни фунæй кæнис. Бæх змæлгæ дæр нæ кодта. Кастæй дæмæ æдзинæг. Æз тарстæн, еци æзнæт бæх ку фесхъæтæг уа, ку дæ ниммара, æма зир-зир кодтон…»

Морат куд бафеппайдта, уотемæй Дзерассæ еци цауи кой ахид нæ кодта… Фал æй ку радзоридæ, уæд уой фæсте еуцæйдæрбæрцæдæр рæстæг æнæдзоргæй фæуиуидæ, æхе гъудити ранигъулидæ. Ка ’й зонуй, уæд уотæ хъæбæр ка фæттарстæй, хъæбæр æгæрон уарзтæй ке уарзта, æ еци мади æримисидæ – уæлдайдæр æхемæ уомæ гæсгæ нийгъосидæ, æма æ мадæ æверхъау мардæй ке фæммард æй…

Цæуæтæй ин айдагъдæр дууæ кизги ке исæнтæстæй, æвæдзи, уобæл исарази уогæй, уæддæр Михал уонæбæл æ зæрдæ дардта, гъома, мин кæд етæ мæ гъуддаг идарддæр хъæртун кæнонцæ. Уæлдайдæр ба – Дзерассæбæл. Куд æрæстæфтæй, уотемæй е æхцулдæр адтæй æ фиди кустбæл, бæхтæбæл. Фал минкъийтæбæл æма æ фæндитæй фудевгед кодта. Цæветтонгæ, мæнæ царди дæхецæн бæлвурд дæсниадæ равзарæ, зæгъгæ, еци карæмæ ку исхъæрдтæй сæ кизгæ, æ ниййергутæ уотæ æнгъæл ку адтæнцæ, гъома, мæнæ нур ба æрлæудзæнæй æ фиди арфиаг надбæл, равзардзæнæй уой, берæ арæхстдзийнадæ æма рауон-циуондзийнадæ, зунд æма зæрдæргъæвддзийнадæ кæми гъудæй, еци дæсниадæ.

Фал гъуддаг, ниййергути куд фæндадтæй, фиццаг уотæ нæ рауадæй. Дзерассæ хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй дæс къласи Дзæуæгигъæуи. Æма дин æхецæн ку равзаридæ, æ мадæ æма æ фидæ æнгъæл дæр ке нæ адтæнцæ, уæхæн æндæр дæсниадæ. Е сæ кæд сагъæсти бафтудта, уæддæр нецибал загътонцæ кизги фæнди туххæй. Дзерассæ æнтæстгинæй фæлварæнтæ равардта Мæскуй Морис Торези номбæл фæсарæйнаг æвзæгти институтмæ æма иссæй, хъæбæр устур нимади ка адтæй, еци уæлдæр ахургæнæндони студенткæ. Æ ахури гъуддæгутæ куд æнтæстгинæй цудæнцæ, уомæ гæсгæ бæрæг адтæй: Дзерассæ федарæй равзурста æ царди идарддæри над.

Еу кæддæр Дзерассæ каникулти рæстæг Мæскуйæй рандæй Ленинградмæ – уæд уоми гастролти адтæй æ фидæ. Кизгæ дин еу хатт ку бацæуидæ циркмæ, репетицити рæстæг. Бауадæй, уотид, æ фиди рауинунмæ… Фал æй æ къах фæстæмæ нæбал хаста… Æ цæститæ нæбал иста бæхтæй...

Дзерассæ æхуæдæг уой фæсте куд имиста, уотемæй имæ уæд кадæр ку исдзоридæ:

– Дзерæ, бæхбæл рабадай. Гæрр, тæрсгæ кæнис, гæрр, дæ фиди кизгæ нæ дæ?..

Е дæр син еци æндиудæй ку зæгъидæ:

– Æгириддæр нæ тæрсун!..

Æ фидæй имæ цидæртæ ке хъæрдтæй, е рабæрæг æй, цума ин сæдæймаг хатт адтæй, уотæ цæрдæг æрбабадтæй бæхбæл. Бæхбæл арени æрзелæнтæ кæнгæй рауидта, æ фидæ имæ куд лæмбунæг кастæй æма си куд боз адтæй, уой.

Еци цæстингас ин искарста æ идарддæри цардвæндаги нивæ – уæд Дзерассæ, цума ин арви æрттивд фæннисан кодта æ карни исонибон, уотæ ’й балæдæрдтæй: æнæ циркæй, æнæ бæхтæй ин фæццæрæн нæбал ес. Циркмæ æ алли бацуд дæр имæ бæрæгбон кастæй. Æма уоййадæбæл ниууагъта æ фæсарæйнаг æвзæгти институт æма ахур кæнунмæ бацудæй бæхтиспортивон скъоламæ.


ТУЙГЪАНТИ Дзерассæ


ТУЙГЪАНТИ Михал æ бийнойнаг æма æ кизги хæццæ.



ТУЙГЪАНТИ Дзерассæ æ кизги кизгæ Дзерассæ æма æ бæхбæлбадгути къуари артист Хъанухъти Таймораз кизгæ Дзерасси хæццæ. 1983 анз.

Михал манежи æ зæрдиаг архайд ниууагъта 1962 анзи. Æ бæхти аттракцион равардта, сæрустур кæмæй адтæй, æ сæр бæрзæндти кæмæй хаста, цирки æ аййевадæ нæргæ ке цæрдзæнæй идарддæр, уомæй ин устур нифс ка адтæй, æ еци бæдолæ Дзерассæмæ. Кизгæ уæдмæ иссæй дæсни бæхбæлбадæг. Еудадзугдæр еци æнæзийнадæ æма æвæллайгæй архайдта æ дæсниади бундоронæй-бундорондæр арæхсунбæл, ци иснисан кæнидæ, уомæ тундзтæй æдзæстхезæй, æхебæл нæ ауæрдгæй. Берæ фудæбон бакодта, «Иристон», зæгъгæ, ке исхудта, æ еци нæуæг национ аттракциони адæми тæрхонмæ рахæссуни размæ.

Дзерассæ æ аттракциони багъæуай кодта, æ фидæ хуæздæрæй ци исаразта, уони. Равардта син нæуæг цард. Бæхбæлбадгути архайдмæ, концерттæмæ бахаста æхе æргъудиконд нæуæгдзийнадтæ. Æ дуудæс бæхбæлбадæги сау-сурх дарæси рæсугъд, æхуæдæг ба силгоймаги зæрдæмæдзæугæ уорс полцъий уотемæй, ратæхиуонцæ манежмæ, цæстифæнникъулдмæ райаразиуонцæ тæккæ вазуггиндæр трюктæ, æвдистонцæ бæхбæл бадуни уæлдæр скъола.

Дзерассæ æма æ къуари иуонгтæ гастроли фæууиуонцæ Советон Цæдеси, Уæрæсей, æнæгъæнæ дуйней хъæбæр берæ рауæнти. Æма уомити цæрæг адæмти зонгæ кодтонцæ æма деси æфтудтонцæ Иристони бæхти-спортивон аййевадæй. Иристони хуæнхти комиуолæфт сæ хъæртун кодтонцæ, æууæндун сæ кодтонцæ, ездондзийнадæ, æфсармæ, æгъдау, лæгдзийнадæ æма нифс ке 'нцæ нæ адæми сæйрагдæр менеугутæ, уобæл.

Æ кусти Дзерассæн федар цæгиндзæ алкæддæр адтæнцæ е 'мзæрдиуон, æмархайæг фæсевæд. Етæ уотид дæсни артисттæ нæ адтæнцæ, фал адтæнцæ берæ арфиаг менеугутæй æнхæст лæхъуæнтæ, Иристони кадæ æма ирон лæги ном ка сæрустур кодта се 'гъдау æма архайдæй, уæхæнттæ: Мамити Махарбег, Батиати Арсен, Гæджинти Виктор, Дзобати Эльбрус, Дзапарти Мурат, Гугкати Руслан, Хъанухъти Таймораз, Хабати Цæра, Урумти Виктор, Майрæмухъати Руслан, Цъæхилти Олег… Етæ Дзерасси хæццæ кадгинæй идарддæр хъæртун кодтонцæ Туйгъанти намусгин династий намус, архайдтонцæ, цæмæй сæ бæхти ансамбль «Иристон» уа уой аккаг, сæхе нæуæг æнтæстдзийнадтæй æй гъæздугдæр æма бæрзонддæр кæнонцæ. Етæ иссæнцæ еу бийнонти хузæн æнгом, кæрæдзебæл æновуд æма æхцул, кæрæдземæн адгин. Се 'хсæн еудзийнадæ федар æвæрд ке адтæй, аййевади æбæрæг бæрзæндтæмæ еци нифсгунæй ке цудæнцæ, кæрæдзей хуарз ке лæдæрдтæнцæ, æвæдзи, уой туххæй алкæддæр сæ къохи дæр æфтудæнцæ зингæ æнтæстдзийнадтæ.

## «Хъæбæр хæларзæрдæ æма раст адæймагæй æй базудтон...»

Адæймагæн æ дæсниади цийфæнди æскъуæлхтдзийнадтæ ку бантæса, цийфæнди бæрзæндтæмæ ку исхеза, уæддæр ин адæм ба уони нимайгæй дæр, æнæгъæнæй аргъ кæнунцæ, хумæтæг царди ци æй, дзиллити æхсæн æхе кутемæй æвдесуй, уомæ гæсгæ. Туйгъанти номдзуд кизги артисттæй еу, Дзапарти Мурат, кæддæр финста:

– Дзерассæ кусти фæдбæл гъуддæгути куд домагæ фæууй, уотæ æнæуой царди ба æй хъæбæр раст æма хæларзæрдæ адæймаг. Министри хæццæ – министр, хумæтæг адæймаги хæццæ – хумæтæг адæймаг. Еу кæддæр Хонсар Америки Аргентини гастролти адтан, æма мин Дзерассæ уотæ бакодта, цæуæн базармæ бауайæн. Еумæ куд рацудан, уотемæй тæккæ тегъæбæл рауидтан зæнхæбæл бадгæ еу мæгургорæг уоси. Æ рази – къопп. Æрлæудтан, æма нæ гæнæнтæ ци амудтонцæ, уойбæрцæ битир ин равардтан…

Нæ бон адтæй, нæхе неци уинæг искæнгæй, æ рæзти исевгъуйун – уогæ беретæ уотæ кодтонцæ. Фал уой нæ сæрмæ не 'рхастан, нæ ирон æфсарми сæрти рахезун æма еци мæгури не 'ргъуди кæнун. Идарддæр цæугæй дæр ма Дзерассæ катай кодта, мадта нур еци зæронд усæ ци фæууодзæнæй, кæми æрæхсæвеуат кæндзæнæй, зæгъгæ… Гъе уæхæн уоди хецау адтæй!..

– Æвддæсанздзудæй мæ байагурдтонцæ циркмæ, – имиста Мурат. – Æма мин Дзерассæ иссæй мæ мади хузæн. Гъуди ма 'й кæнун, мæнæ даргъ дзиккотæ раудзунбæл ку фæццалх æнцæ лæхъуæнтæ дæр, уæд æз дæр «фæсте нæ байзадтæн». Æма мин Дзерассæ мæ еци дæргъæй – дæргъæмæ дадалитæ исиваста, ани кæд рандæ кæндзæнæ, зæгъгæ. Уотæ мæ бафсæрмитæ кодта, æма мæ, кæд нæ фæндадтæй, уæддæр мæ еци «бæрцæ» уайтæккæдæр ралвидтон.

Нæ минкъий Иристон гъæздуг æй искурдиадæгин адæймæгутæй. Еци номдзуд адæймæгути рæнгъи æнцæ, нæ адæмæн, нæ Иристонæн æносон кадæ ка искодта, етæ, Туйгъанти Михал æма æ искурдиадæгин кизгæ, Уæрæсей адæмон æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ Туйгъанти Дзерассæ.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта* **САКЪИТИ Эльбрус.**



# НАМУСГИН – Æ ЦАРДВÆНДАГ, ÆНОСОН – Æ РОХС НОМ...

Уæрæсе æма Иристони культурæбæл æрцудæй уæззау зиан – æ цардæй рахецæн æй зундгонд бæхбæлбадæг, педагог, Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристон-Аланий адæмон артисткæ, фидибæстаг æма дуйнеуон цирки аййевади таурæхъон архайæг Туйгъанти Дзерассæ Михали кизгæ.

Туйгъанти Дзерассæ райгурдæй 1929 анзи цирки зундгонд артисткæ – советон бæхгин цирки бундорæвæргутæй еу Туйгъанти Михал æма уæлдæфон гимнасткæ Нинæ Никитаси бийнонти.

Астæуккаг скъола фæууни фæсте, Дзерассæ ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй фæсарæйнаг æвзæгти Морис Торези номбæл институтмæ. Райдайæнти бæхти спортмæ æмхиц нæ адтæй, устурдæр æргом æздахта балет æма национ кæфтитæмæ. Фал еухатт æ фиди репетицæмæ ку бакастæй, уæд æй бафæндадтæй бæхбæл исбадун. Уотæ райдадта нæ бæсти ирон цирки аййевади искурдиадæгиндæр минæвæрттæй еуей цæмæдессаг æма ирд цард. Æ архайдæй Дзерассæ идæрдтæбæл райгъусун кодта æ райгурæн Иристон æма еугур Уæрæсей ном.

1951 анзæй фæстæмæ æ фиди хæццæ косгæй, 1962 анзи Дзерассæ бундор æрæвардта бæхбæлбадгути нæуæг къуар «Иристон»-æн. Еци исфæлдистадон къуари гастролтæ алкæддæр уиуонцæ советон æма фæсарæйнаг цирки аййевадæуарзгути бæрæгбон.

Æ æведуйгæ искурдиади туххæй Туйгъанти Дзерассæ хуарзæнхæгонд æрцудæй бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæй – лæвæрд ин æрцудæй Фæллойнадон Сурх турусай æма «Кади нисани» ордентæ. Исаккаг ин кодтонцæ Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони адæмон артистки кадгин ном, иссæй Цирки аййевади еугурцæдесон конкурси лауреат.

Дзерассæ æртинсæй анземæй фулдæр разамунд лæвардта исфæлдистадон къуар «Иристон»-æн, фал бæхбæлбадгути къуари хæццæ æ куст ниууадзгæй дæр, æ архайд нæ фæмминкъийдæр æй. Берæ æнзти ма зæрдиагæй кодта педагогон куст, цирки æригон артисттæн æнæвгъауæй лæвардта æ гъæздуг зонундзийнадтæ æма æ фæлтæрддзийнадæ.

Цæгат Иристон фæстаг «фæндараст» зæгъуй, не 'мзæнхонтæ алкæддæр сæрбæрзонд кæмæй адтæнцæ, æ ном æностæмæ нæ республикæ æма еугур Уæрæсей культури анзфинсти кæмæн байзайдзæнæй, æ еци кадгин кизгæн.

**БИТАРТИ Вячеслав,**
**Алексей МАЧНЕВ,**
**ТУСКЪАТИ Таймораз.**

Ирина ГУРЖИБЕКОВА

## Исса Плиев на представлении джигитов Тугановых

Кони топчут манеж.
Кони мчат невесомо.
И наездники дружно творят чудеса.
Это все так понятно тебе и знакомо.
Это все уже было с тобою, Исса.
Только кони неслись по горящему полю.
Только взрывы снарядов – не взрывы ладош.
Отлетают года, с их тревогой и болью.
Но от памяти разве уедешь? Уйдешь?
…Нет нарядных рядов. Нет улыбок актерских!
Возвращается память к привалам ночным.
Где, горячие, сохнут на ветру гимнастерки
И где снятся коням овсяные сны.
… Хороши скакуны, и наездники тоже.
Будто вверх их вздымает орел на крыле…
А вот паренек, вроде, был помоложе,
Тот, что спит в Ныиредьхазе, в венгерской земле.
… Пусть оваций волна так и хлещет из зала,
И джигиты почти растворяются в ней.
Но глаза их средь сотен найдут генерала,
Чья высокая слава их славы трудней.

*Театралон аййевадæртасæг Бациати Агудз: «Устур Фидибæстон тугъди советон адæми бæгъатæрдзийнади эпопейæ финст æрцудæй æма цæуй нæ бæсти адæмти æвзæгтæбæл. Уордæмæ сæхе æвæрæн бахастонцæ, сæхе армдзæфæй бæрæг дарунцæ ирон литератури, нæ драматургий æма сцени исфæлдистадон косгутæ. Уæд ма хуæрз æригон коллектив еци рæстæгæ*




ГУСИТИ Валодя


ХУГАТИ Самсон


ДУЛАТИ Алмахситт

# УÆ ЗÆРДИТИ ЦÆХÆР МАХ ТАВУЙ НУР ДÆР...

***Мæнæ дæлдæр ци æрмæг кæсдзинайтæ, уой мухур кæнæн дууæ цауемæ гæсгæ. Аци анз нæ Фидибæсти нимад æй уæлдай цитгин анзбæл – æнæгъæнæ анзи дæргъи кадгинæй бæрæггонд цæуй нæ Уæлахези 75-анзон юбилей. Уой хæццæ ба ма Цæгат Иристони дзиллæ бæрæг кæнунцæ нæ аййевади ахсгиаг цау – Ирон театрбæл исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи. Нæ газети абониккон номери мухур кæнæн иристойнаг театралон архайгутæй немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгти нихмæ тохи æ цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка иснивонд кодта, уони туххæй уац. Æ рæстæги æй ниффинста артисткæ ХУГАТИ Зарæ. Махмæ гæсгæ, ирдæй си æвдист цæуй, Ирон театри сценæбæл лæгдзийнадæй æнхæст адæймæгути фæлгонцтæ ка æвдиста, етæ сæхуæдтæ дæр, Фидибæстæ тæссаг уавæри ку бахаудтæй æма сæрæндзийнадæ бавдесун ку багъудæй, уæд æцæг лæгдзийнадæ бавдистонцæ...***

НÆ РАЙГУРÆН бæстæмæ æрбалæбурдта фудæзнаг. Содзуй гъæутæ æма сахартæ. Æгъатир тугъди цирен арт ниххуссун кæнунмæ советон адæм сæрустурæй исистадæнцæ минкъийæйустурæй. Тугъди будурмæ æ хъæболти рарвиста Иристон дæр. Райгурæн бæсти размæ сæ ихæс бафедунмæ Ирон театри коллективæй рандæнцæ Гусити Валодя, Дулати Алмахситт, Плити Грис, Хугати Самсон, Токати Асæх, Хъуппети Мисост, Туати Андрей, Мæлтъизти Разитæ, Уруссаг драмон театри артисткæ Козати Таня æма театри администратор Хъодзати Заурбег.

Плити Грис, Токати Асæх æма Хъуппети Мисост тугъди фæсте сæрæгасæй исæмбалдæнцæ сæ фидтæлти уæзæгбæл æма фæрнæйдзагæй фæллойнæ кодтонцæ ирон культури райрæзти сæрбæлтау.

*Мадæн байста сонт нæмыг*
*йæ фырты.*
*Дардмæ йыл йæ судзгæ*
*цæссыг тагъд.*
*Никуы 'рхауд йæ буц*
*хъæбулы цыртыл,*
*Уый кæмдæр ис уымæл*
*зæххыл сагъд...*

Уæдæй нурмæ дзæвгарæ рæстæг рацудæй. Бадзæбæх æнцæ тугъди гъæдгинтæ. Кæддæр сау фунук ци гъæутæ æма сахартæ фестадæнцæ, уони бæсти арæзт æрцудæнцæ нæуугутæ, райдзастдæртæ, рæсугъддæртæ. Нæуæг гъæутæ æма сахарти лæуунцæ бæрзонд æнсувæрон ингæнтæ. Æнсувæрон ингæнти æмхузонæй бæгъатæрти фарсмæ нигæд æнцæ ирон артисттæ дæр.

Уæдæй нурмæ дзæвгарæ рæстæг рацудæй. Фал еунæг бон, еунæг усми дæр нæ фæххецæн æнцæ махæй, нæ зæрдити азæлунцæ сæ нæмттæ, нæ цæститæбæл уайуй сæ рæсугъд хузæ.

Мæ рази бабæй æрæвардтон сæ къартæ. Кæсун сæмæ. Кæсунцæ мæмæ етæ дæр. Сæ фæлмæн цæстингас, рæвдаугæ дзурд, ездон рацуд, æхседгæ гъазт сценæбæл зундгонд æнцæ адæмæн. Фал мæ цæмæдæр гæсгæ бафæндæ адтæй нæуæгæй уони туххæй радзорун. Хуарз адæймаги туххæй æнгъезуй ахид дзорун. Неке си истухсдзæнæй. Цæй, мадта байгъосетæ. Къартæ мæ рази куд æвæрд рауадæнцæ, уотæ райдайдзæнæн.

## ГУСИТИ ВАЛОДЯ

Уогæ ба ци дессаги игъæлдзæг, хæларзæрдæ адтæй Валодя! Ристæй æ зæрдæ адæми ристæй, цийнæ кодта адæми цийнæбæл. Зин уавæрти исгъомбæл æй. Фал нæ басастæй æ нифс. Æнæ хæдонæй дардта кæрцæ, скъудтæ къелтæ, тæппалтæ къахæй хургин хуæнхаг нæдтæбæл цудæй заргæ. Цума зудта, фæстæдæр ирон театралон аййевади уаргъ уой усхъитæбæл дæр ке æрæнцайдзæнæй, уой.

Ирон адæмæн дæр барæ равардтонцæ сæхе театр байгон кæнун. Театралон студимæ равзарун гъудæй аккаг фæсевæд. Уони хæццæ бахаудтæй Валодя дæр. Фун фæууинæгау имæ фæккастæй аци гъуддаг. Мæску...

Райдæдтонцæ ахури бæнттæ. Хæлæфæй, зудæцæстæй ахæста уруссаг сцени дæснидæр минæвæртти фæлтæрддзийнадæ. Айдагъдæр ин е байгон кодтайдæ урух фæндæгтæ ирон фиццаг сценæмæ. Ци нæ зудта, уомæй ахургæнгути бафæрсунмæ некæд бафсæрми кодта. Æма ахури бæнттæ кодтонцæ сæ куст – рæдауæй æфтаугæ цудæнцæ æригон биццеуи зонундзийнæдтæ. Алли гъуддагæн дæр райдайæн æма кæрон ес: фæцæнцæ студий ахури æнзтæ. Æхецæн берæ хæлæрттæ искæнгæй, берæ зонундзийнæдтæ райсгæй, исæздахтæй Валодя. Устур Мæскуйæй æ минкъий Иристонмæ цийнæй æфсес зæрди исхаста рæсугъд аййевадæ.

Æма байгон æй фиццаг ирон театри æмбæрзæн. Е хумæтæги цау нæ адтæй. Е адтæй ирон культури бæрæгбон. Цийнитæн, арфитæн кæрон нæбал адтæй. Еци арфити еу хай хаудтæй Валодямæ дæр.

Ирон театрмæ кæсæг нæ фæффудæнгъæл æй. Е 'рвист минæвæрттæ раудæнцæ зæрди фæндон, исхастонцæ син аккаг лæвар.

Театр æвдесуй еу спектакль инней фæдбæл. Аллихузи сорæттæ дзубанди кæнунцæ сценæй. Еу спектаклæй иннемæ аллихузи адæймæгути хузи рацæуй сценæмæ Валодя дæр. Уомæн æ иуонгти конд, асæ æма дзурд фадуат лæвардтонцæ романтикон адæймæгути фæлгонцтæ исаразунæн. Уой æмрæнгъæ æ бон адтæй игъæлдзæг рольти гъазун дæр.

Валодяй курдиадæ æхе ирддæрæйирддæр ку æвдиста, адæм имæ еу спектаклæй иннемæ цæмæдесæй ку райдæдтонцæ цæун, уæд райгъустæй æнамонд хабар – нæ Райгурæн бæстæмæ æрбалæбурдта фудæзнаг. Лæгти фарсмæ æрлæуун гъудæй лæгæй. Æма Валодя æ уæле искодта æфсæддон дарæс. Цалдæр мæйи райахур кодта Дербенти бастдзийнади скъолай. Еу бон командир рæнгъæ ралæуун кодта æфсæддонти:

– Уæхуæдтæ игъосетæ хабæрттæ, – райдæдта дзорун командир. – Содзуй Севастополи зæнхæ. Нæбал ес фæстеуатгæнæн...

Командири дзурдтæ æнцон балæдæрæн адтæнцæ курсанттæн. Æма размæ еу къахдзæф ракодта Валодя. Еци къахдзæф æвдиста, намуси сахар фæййервæзун кæнунмæ цæттæ ке æй, уой. Курсанттæй еу æрбалæудтæй Валодяй фарсмæ. Уалинмæ дуккаг, æртиккаг... æма уотемæй еугурæй дæр.

Севастополæй Валодя финста æ цардæмбал Венерæмæ: «Зæнхæ содзуй, цæхæр калуй. Нæ зонун, ци уодзæнæй абони. Знаг цъамар æма æгъатир æй. Некæбæл æма нецæбæл ауæрдуй. Фал нæ сæртæ не 'руадздзинан. Тохæн райгурæн бæсти сæрбæлтау...»

Е адтæй Валодяй фæстаг пъисмо æ уарзон бийнойнагмæ.

Севастополь рæстæгмæ ниууагътан. Фиццагидæр сæребарæ зæнхæмæ æрветун гъудæй зæрæндти, сувæллæнтти, цæф æфсæддонти. Æхуæдæг дæр бæститæ адтæй, уотемæй Валодя цæфти хаста биржæмæ. Фал хæстæг рауæн фехалдæй знаги бомбæ. Е схъестæй еу исуадæй Валодяй реубæл. Лæхъуæн æрхаудтæй. Æ цæнгтæ фæйнердæмæ, уотемæй, цума æ райгурæн зæнхæн хъури кодта, уой хузæн. Æ сæрбæл хæрдмæ исхуæстæй æма кастæй размæ. Еци сахат уомæ цирен арти æхсæнæй зиндтæй Уæлахез...

Фал æй нæбал фæууидта.

## ХУГАТИ САМСОН

Мæскуй ахур кæнгæй, дзурд зæгъунæй ездон ке адтæй, уомæ гæсгæ е 'мбæлтти 'хсæн бæрæг дардта. Æ цийнæ дæр адæми хузæн æргом кæнун нæ фæразта. Æ минкъийæй фæстæмæ дæр уæхæн мадзора ке адтæй, уой нæ хестæртæ фæимисунцæ.

Гурдзий меньшевиктæ фæллойнæгæнæг адæми Къударгомæй ку исистун кодтонцæ, уæд цардагор беретæ рацудæнцæ Цæгат Иристонмæ. Ледзæг адæм цудæнцæ уазал æма стонгæй зин нæдтæбæл. Сæхе агъазæнгъæл, къæбæргор, ци гъæутæбæл бафæдзахстонцæ, уоми минкъий Самсонæни къуæтти æнгъæл адтæнцæ. Æ тæрегъæдæй зæрдихæлд кодтонцæ беретæ. Заманай сувæллон къуæттийæн æвгъау æй, зæгъгæ.

Æ мæскуйаг ахургæнгутæ ин уæлдай аргъ уомæн кодтонцæ, æма, мадзора уогæй, алцидæр æ зæрдæбæл ке дардта, уомæ гæсгæ. Еу фæззилд, еу дзурд, еу архайд æнæ рагъуди кæнгæй ке нæ кодта. Æхе, е 'мбæлтти, æ ахургæнгути гъезæмарæй рамардта, цалинмæ, ци сорæт райста, уой лæмбунæг балæдæрдтайдæ æма рартастайдæ, уæдмæ.

Самсон уарзта рæстдзийнадæ. Царди ездон адтæй. Сценæй дæр тох кодта мæнгархайд, мæнгæ дзурди нихмæ. Æ хуæрзæгъдау менеугутæ хаста сценæбæл архайгути меддуйнемæ дæр. Е гъазта каргун адæми, партион косгути рольтæ. Адтæй комедион артист дæр.

Хумæтæги нæ фæззæгъунцæ: артист цæйбæрцæбæл искурдиадæгин æй, уой базонун дæ кæд фæндуй, уæд ин рагъазун кæнæ игъæлдзæг роль. Уогæ Самсони комедион унбæл архайун дæр нæ гъудæй. Е сорæттæ уотæ аразта, æма сæмæ æнæ ходгæй кæсæн нæ адтæй. Амондгун худта æхе Самсон, æ фæрнæйдзаг куст адæмæн æхцæуæндзийнадæ ке хаста, уой туххæй.

Уалинмæ зæнхæ базмалдæй. Искурдиадæгин артисти багъудæй тугъди будурмæ рандæ ун. Æма уоми равардта æ зæрди цæхæр æнхæстæй æ уарзон дзилли сæрбæлтау.

Астинсæй анзей размæ (1860 анзи) Кавказ бабæрæг кодта игъустгонд хузæгæнæг Виллевальде Богдан. Еци рæстæг искодта хузæ «Вид Владикавказа».

*репертуар райаразта рæстæги домæнтæмæ гæсгæ. Драматургтæ кодтонцæ фиццаг фæлварæнтæ: тугъди тæккæ райдайæни сценæбæл фæззиндтæнцæ революци æма тугъдон темитæбæл финст уруссаг советон пьеситæ, ирон адæмон бæгъатæрти лæгдзийнадæбæл дзорæг героикон драмитæ æма уони æмрæнгъæ – тугъди цаутæбæл финст пьеситæ.*




КОЗАТИ Таня


МÆЛТЪИЗТИ Разитæ


ХЪОДЗАТИ Заурбег


ТУАТИ Андрей

## ДУЛАТИ АЛМАХСИТТ

Ирон минкъий гъæу Нартæй ахур кæнунмæ устур Мæскуй балæудтæй Дулати Алмахситт дæр. Сæрустур си адтæнцæ æ гъæубæстæ. Рæсугъдæй фæцæй театралон студи. Косун райдæдта.

Нартигъæуккæгтæ ирон театр «Алмахситти театр» дæр хонун райдæдтонцæ. Абони дæр си нæ иронх кæнуй уæхæн цау: театр гъæумæ ку ниццудæй, уæд гъæунгæй-гъæунгæмæ ниййазалдæй гъæргæнæги гъæлæс: «Хуарз адæм, нæ фегъустон маке зæгъæд! Сахарæй нæмæ æрцудæй Алмахситти театр. Изæри нин дессæгтæ æвдесдзæнæй æма исаккаг кænетæ!»

Ирон театралон аййевадæ адæммæ бахъæртун кæнуни сæрбæлтау Алмахситт цийфæнди зиндзийнæдтæн дæр ниббухстайдæ. Куста удуæлдайæй е ’сфæлдистадон дæсниадæ бæрзонддæр кæнунбæл. Адæми æууæнкæ устур амонд æй. Гъæуи фæсевæд е ’рцæунмæ сæ билицъæрттæ хуардтонцæ. Ку фæззиннидæ – фæндури цагъд гъæуи сæрæй гъæуи бунмæ райгъусидæ. Зæрæндтæ кæрæдзей рафæрсиуонцæ, Дулатæбæл циуавæр цийни хабар исæмбалдæй, зæгъгæ. Æма дзуапп радтиуонцæ иннетæ, Алмахситт син сахарæй æрцудæй.

Дзорунцæ, зæгъгæ, Алмахситт «Дууæ хуæри» Касали-фурти роли ку гъазидæ, уæд, дан, айдагъ театрдзаутæ нæ, фал артисттæ дæр фæссценæй уомæ кæсгæй ходæгæй мардæнцæ. Хумæтæги соръаттæ исаразунмæ уомæй дæснидæр уæд ирон театри неке адтæй.

Æмгаргин адтæй. Адæми хæццæ уарзонæй фæццардæй. Æма æхе уомæй амондгун худта.

Цийфæнди знаг тугъд ку нæ расайдтайдæ, уæд æ уарзон кизги хæццæ ци амондгун адтайуонцæ! Нæ байзадайдæ киндзи кирæ цæрæнбонтæмæ æфснайдæй. Алмахситт æ уарзонмæ Мæскумæ ниффинста уæхæн фæстаг ниставæн: «Æрæгæмæ ку зиннон, уæд фæццо мæ мадæ æма мæ фидæмæ. Кæд тагъд зиннон, уæд еумæ цæудзинан Иристонмæ».

Еци рæстæг кизгæ Алмахситти мадæ Зенатмæ ниффинста: «Мæхуæдæг дæр тугъди цæхæри бахаудтæн, уомæй уæлдай Миши (æнцондæрæн æй уотæ худтонцæ æ уруссаг æмбæлттæ) фæдзæхст æнæ банхæст кæнгæй нæ ниууагътайнæ. Куд мæ фæндадтæй сумах хæстæгмæ базонун, сумах хæццæ адгинæй фæццæрун, уæ уорссæр хуæнхтæн нихъхъури кæнун – Мишæ мин сæ мæхе райгурæн къуми хузæн бауарзун кодта»...

Алмахситт фæммард æй Украини зæнхæбæл Киеви бунмæ. Е ’нсувæртæ Елбиздихъо æма Александр дæр хæдзарæбæл нæбал исæмбалдæнцæ. Дзæгъæлæй байзадæй мадæ е ’ртæ гуппурсар фуртемæй. Æртæ цирти ниссадзун кодта фæрсæй-фæрстæмæ.

## КОЗАТИ ТАНЯ, МÆЛТЪИЗТИ РАЗИТÆ

Таня æма Разити адæм зудтонцæ циргъзунд, дзурдарæхст, игъæлдзæг, цардмондаг кизгуттæй. Сæ дууемæн дæр сæ искурдиади цæхæр кæронмæ ку раргом адтайдæ, уæд уонæй рауадайдæ дессаги артисткитæ.

Сæ дууемæн дæр сæ бæллец адтæй Лопе де Веги пьесæ «Овечий источник»-и Лауренсийæ роль рагъазун. Аци тухгин сорæт сæхецæн райстонцæ фæнзуйнагæн. Таня еу хатт Мæскумæ æ лимæн Бритъиати Зарифæмæ уотæ финста: «Ци хъæбæр мæ фæндуй Лауренсийæ роль рагъазун! Уой мин ку бабарæ кæниуонцæ театри режиссертæ, уæд мæхе амондгунбæл нимайинæ».

Уæхæн бæллецти хæццæ цардæй Разитæ дæр. Айдагъдæр ин, студий ахур кæнгæй, бантæстæй еци Лауренсийæи сæйраг монологтæй еуебæл бакосун. Æма уомæй дæр æхе худта амондгун. Еци монологæй Разитæ бауæндун кодта æ ахургæнгути, артисткæ си æнæмæнгæ ке рауадайдæ, уобæл.

Берæ фæндитæ адтæй дууæ кизгемæ. Сæ къохи ци сорæттæ исаразун бафтудæй, етæ кæд берæ нæ адтæнцæ, уæддæр агайдтонцæ театрмæ кæсæги зæрдæ. Фал сæ фæндадтæй хъæбæрдæр, никки хуæздæр косун. Нæбал син бантæстæй. Иристони зæнхæмæ немуцаг фашисттæ ку æрбахъæрдтæнцæ, уæд балæвардтонцæ сæ курдиæттæ, фронтмæ сæ цæмæй ракæнонцæ, уой туххæй. Æма райстонцæ аразий дзуапп.

... Разитæ æма Таня цæунцæ Мæздæгмæ. Сæ размæ ес уоми знаги хъаурутæ исбæрæг кæнуни ихæс. Ниццудæнцæ Зæронд Бæтæхъой гъæуи уæнгæ æма рахуæстæнцæ цæгатæрдæмæ. Зудтонцæ, зæнхи аллирауæн минитæ римæхст ке ес, уой. Еуебæл си ниллæудтæй – дæ фудгол уотæ. Æсгаргæ, гъавгæй нихъхъæрдтæнцæ нисангонд бунатмæ.

Уотæ сæ еу æма дууæ хатти нæ багъæуидæ минити ’хсæнти знаги къилдунмæ бацæун. Цалдæр хатти сæ багъæуидæ зæрондæ уоститæ дарæси рауайун Мæздæги гъæунгти, знаги алли дзубандимæ дæр къæрцгъос уогæй. Таняйæн, скъолай немуцаг æвзаг ке ахур кодта, е нур хъæбæр фæййагъаз æй. Кæддæр æй тæхæг исун дæр фæндадтæй, фал ин æ гъудитæбæл фæууæлахез æй артисти дæсниадæ. Æма нур хъæбæр хуарз гъазуй царди вазуггин роль.

Гъо, фал хæрхæмбæлд фæцæнцæ немуцаг патрультæбæл æма нæбал бафтудæй сæ къохи рандæун.

Талингæ акъоппи дæр сæ хъаурæ нæ басастæй: «Мах гъæуама игъæлдзæг уæн мæлæтмæ цæугæй дæр. Уадзæ æма нæ игъæлдзæг æнгæсæй масти дзæкъолау, ниддунсонцæ лæгсирдтæ. Гæрр, артисткитæ кæдæй нурмæ нæбал ан?» – дзурдтонцæ акъоппи кæрæдземæн Таня æма Разитæ.

Райстонцæ мæлæт знаги къохæй – Мæздæги сæ фæзи ниййауигътонцæ.

## ХЪОДЗАТИ ЗАУРБЕГ

Театри сæйраг бундор, æ астæуи хъанз, ке зæгъун æй гъæуй, актертæ ’нцæ. Фал уони куст цæмæй рæвдзæдæр цæуа, е берæ аразгæ ’й театри администраторæй. Еци куст беретæ Заурбеги хузæн нæ лæдæрдтæнцæ. Сæрмагондæй ибæл ахур не ’скодта, фал театрбæл æновуд ке адтæй, уой туххæй бацудæй еци бунатмæ. Артисти æгириддæр нецæбæл уагъта мæтæ кæнун. Абони дæр хуарзæй имисунцæ, Заурбеги рæстæг театри ци æгъдау æвæрд адтæй, уой. Цæрдæг, хæдзардзин æма амалгъон ке адтæй, уомæй æмбесондæн байзадæй.

Хестæртæ ма нур дæр фæдздзорунцæ: «Заурбег гъæутæй горæтмæ спектакль фæууинунмæ зæрæндти еу æма дууæ хатти нæ ’сласидæ. Спектакли фæсте ба сæ сæ хæдзæрттæбæл исæмбæлун кæнидæ».

Тугъдон лæги карæй рахизтæй, утемæй барвæндонæй рандæй знаги нихмæ тох кæнунмæ. Æнауæрдгæй тох кодта æ хæццæ. Бавзурста уацæйраги æфсойнæ дæр. Бахаудтæй цæфæй украинаг бийнонтæмæ. Æхе бæдоли хузæн æй исиуазæг кодтонцæ. Уæд финста æ хуæрæ Нинæмæ: «Æз цæфæй хъанæй лæууун украинаг хæдзари. Еци бийнонтæ мæнбæл куд ауодунцæ, е дессаг æй... Цæмæй фæууæлахез уæн, уой тухххæй мацæбæл байауæрдетæ».

Заурбег ку фæссæрæн æй, уæд æхе исбаста Полесьей партизанти хæццæ æма сæ хæццæ фехалдæ знаги эшелонтæ, рæмугъта хедтæ, сугъта тохæндзаумæутти скълæдтæ, цагъта фашистти.

Е 1943 анзи октябри æ пъисмой седтæй Иристони фæсевæдмæ: «Мах Полесьей цъимарати тох кæнæн цифуддæр знаги нихмæ. Сумах дæр нин фæййагъаз кæнетæ, Ири лæхъуæнтæ. Тох кæнетæ знаги нихмæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау, уæ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй».

Бæгъатæрæй фæммард æй Заурбег, знæгтæй берети батардта мæрдтæмæ æ разæй.

## ТУАТИ АНДРЕЙ

1941 анзи 22 июни Ирон театри дуккаг студий ахургæнуйнæгтæн гъæуама адтайдæ фæстаг зæрдæбæлдарæн гъазт-изæр. Кизгæй-биццеуæй еугурæйдæр адтæнцæ игъæлдзæг. Æма куд нæ! Исæнхæст æй сæ бæллец. Багулф кæндзæнæнцæ Ирон театри артистти ’хсæнмæ æма профессионалон сценæй адæмæн фæккæндзæнæнцæ сæ зæрдибун дзубандитæ...

Фал цардæфсес фæсевæдæн фехалдæнцæ сæ рæсугъд игъæлдзæг фæндитæ. Фудбони тугъд син сæ ранихъуардта.

Æнкъард гъудити хæццæ сæргубурæй дзæвгарæ фæббадтæй е ’мбæлтти ’хсæн Андрей. Кизгутти уомæл цæститæмæ кæсгæй исдзурдта: «Ци хъæбæр мæ фæндуй сумах æхсæн зæронди бонмæ ку фæккосинæ, е!» Уæд ин кадæр уотæ зæгъуй: «Андрей, тугъд берæ нæ уодзæнæй æма бабæй еумæ уодзинан».

Фал етæ адтæнцæ нифсæвæрæн дзубандитæ. Тагъд рæстæги Андрейи багъудæй е ’мбæлттæн хуæрзбон зæгъун æма тугъди будурмæ рандæун.

Андрейæн студий ахур кæнгæй, бантæстæй еуцалдæр роли рагъазун. Уæлдай хуæздæр ин рауадæнцæ Гусеви пьесæ «Кад»-и Мартынови æма Дзанайти Ивани (Нигери) пьесæ «Къоста»-й адъютанти рольтæ. Дзорунцæ, ка ’й зудта етæ, адъютанти роли уорс цохъай ку рацæуидæ, уæд зали бадæг адæм æмхузонæй сæ бунæтти базмæлиуонцæ, уотæ хуарз федудта сценæбæл.

Æма еци гурведауцæ, æхседгæ зæрдæ Андрей тугъди азари бахаудтæй. Кæдæй рандæй тугъдмæ, уæдæй еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте си исигъустæй сау хабар.

***

Уобæл фæдтæн мæ цубур радзубанди, нæ еугуремæн дæр хъазар ка адтæй, абони нæ сæртæ бæрзонд кæмæй хастайанæ, еци артисттæ Валодя, Самсон, Алмахситт, Таня, Разитæ, Заурбег æма Андрейи туххæй. Уогæ си сæрустур ан, уомæн æма лæгдзийнадæ кæми гъудæй, уордæмæ лæгтау фæццудæнцæ, æма сæ цардæй æрхастонцæ Уæлахез берæ адæмтæн. Сæ рохс цæсгæнттæ, сцени ци фæлгонцтæ исарæзтонцæ, етæ алкæддæр уайдзæнæнцæ нæ цæститæбæл, сæ нæргæ гъæлæс игъусдзæнæй нæ гъости, игъосдзинан син нæ фарсмæ сæ зæрдити цæф.

***1973 анз.***

**Цирки Фиццаг ирон бæхбæлбадæг Гудцати Куций фурт Агубей райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1880-1968).**

